17.- XARALE (TEKNOLOJI)

Boo xoolee ab téere bu melna bi sa moroom yiy jàŋg ci yeneen ekool yi war danga gis ni loolu ñuy wax tecnoloji mooy mbooleem xamxam ak mënmën yinga xamno mooomla doomu aadamabi di boole ngir am ay bëggbëgg wala ngir saafara ay jafejafeem

Waaw limalay waaja wax sumalako waxee lan nga ci dégg? Nañu jeema xam ñun doomu aadama yi ne mooy liñu sos ngir mënë dund dund gu gën gi ñu neekkewoon. Kon bookk ana lane moye linga xamne dinañ ko jariñoo ci liñuwór, ban xamxam lañu am ngir sos yooyule mbir, akitam yan mënmënu loxo lañu am ngir defarleen.

Waaw... mën nga yaakaarni mënuloo defar dara, mënuloo sos dara, dedeet juum nga. Ak lingay jàŋg fi dinga mën yookk sa xalaat ndax kilay jàŋgal dina la wax defaral benn fo boo xam ni ci taabal lañu koy fowe ngir nga fo ak say xarit. Léegi nak dinga tàmbale xalaat ana man lan laa xam, lan laa mënë def, buko defee nga sooga xam ni am nga loo mën, nga dàddi tàmbali dejar nak, waaye xayna danga tàmmoon di defar ay mbir te sax doo ci xalaat bubaax.

Ci njàŋg mi dinañ la jeema jàŋgal aw yoon wooy jaar, yoonwu yoomb te jub : lingay njëkk def mooy nga xalaat loo mën, boo ci jogee nga deseŋ ko mooy nga jeema sopi say xalaat ab deseŋ. Ñeneen dina ñu yëg mbir yooyu, buko defee ñu jàppalela.

Ci loolu nak ngay joge di xalaat, naan lii samaxalaat, mën na neekk lu rafet waaye nan laakoy defare? Ngadaddi wax nak ni yan tàŋke laa wara topp, damako wara deseŋ wa luma koy deseŋe sax suma paree xayna war naako dagg, xayna tamite damako wara daggaat, pentiirko, dekkooreko. Ngir loolu ligën mooy nga organisewu jëkk, buko defe sooy liggéey wala ngay defar dinga ko def mubaax.

Xamnaa ni suma la waxee informatik dinga fataliku cat bi, internet, aarësistre ay misil xayna amuloo ordinatër sa kër waaye mangi lay xamal ni jaruko, ndax si ekool bi dinga njàŋg nuñiy defe cat, nuñuy dugge Internet, nuñuy jote si misik yi, waayetamit dinga jariñu ci jumtukaay yu bees yi, lumel na ordinatëer, ndax ordinatëer dina tax nga gënë mënë jàŋg, mënë wór ay xibaar ndaxte amna xibaar yoo xamne du neeke ci téere yi. Waaye tamit masalan yaw mi fi dëkkue dinala jariñ yenn saa yi nga mënë wax ak sa waa dëkk ci lu yoomb te it waxnaalako soxlawul ngay ame ordinatëer, jarul tamit ngay metitlu ñàkkum ordinatëer ndax amna sa moroom yu bari yuko amul te yaqqaluleen dara.

Xawma de, waaye su ma nekkon sa wet dinaala wax ndax am nga looma bëgg laaj. Yaakaarnaa ni boo amee ab laaj kilay jàŋgal wolla sa moroom yi dinañ la tontu. Yaakaar naa ni dinga bannexu ci njàŋg mi, yaakaar naa tamit nii lu baaxla te it mën na la jariñ rawatina jamano joo demee bay tàmbali liggéey